# Etap pou kreye nouvo kont ou sou Pòtal Sèvis Piblik Greeley la

1. **Jwenn dènye bòdwo sèvis dlo Greeley ou a *(yo te voye ba ou pa lapòs apre 17/11/25)*.**
    - Sa ap gen *NOUVO* nimewo kont ou an.

2. **Ale sou [Utility-Portal.GreeleyCO.gov](Utility-Portal.GreeleyCO.gov)**
    - Klike sou lyen ble **Enskri** a.




3. **Antre enfòmasyon sa yo:**

- ***NOUVO* Nimewo Kont**

Nouvo nimewo kont ou a ap enprime nan kwen anwo gòch dènye bòdwo sèvis dlo ou a (yo te voye l ba ou pa lapòs apre 17/11/25). Si ou bezwen èd pou jwenn nouvo nimewo kont ou a, klike sou **Jwenn Nimewo Kont Mwen an**.

- **Montan dènye bòdwo ou a**

Antre montan dènye bòdwo sèvis dlo ou a.

***REMAK:*** *Ou dwe ranpli tou de chan yo pou verifye kont ou an.*

- **Klike sou "Pwochen"**




***REMAK:** Si sistèm nan pa ka verifye kont ou a, tanpri kontakte yon Reprezantan Sèvis Kliyan nan Vil Greeley nan (970) 350-9811 oswa voye yon imèl nan utility.billing@greeleygov.com pou asistans.*

4. **Kreye pwofil ou.**
   - Non an oswa biznis la ap ranpli otomatikman.
   - **Antre sa ki annapre yo:**
     - **Imèl**
     - **Konfime Imèl**
     - **Kalite Nimewo Telefòn**
     - **Nimewo Telefòn**
   - **Klike sou "Pwochen"**




5. **Abòne pou notifikasyon yo.**
   - ***OPSYONÈL:* Tcheke kaz la pou resevwa nouvèl, òf espesyal, alèt ak notifikasyon.**
   - ***OBLIGATWA:* Make yon ti kwa nan kaz la ki endike ou dakò ak Tèm ak Kondisyon yo.**
   - **Klike sou "Enskri"**
     . Sa ap voye yon lyen aktivasyon nan adrès imel ou te anrejistre a.




   - **Klike sou "Fini"**
     . Sa ap voye yon lyen validasyon imèl nan adrès imèl ou te anrejistre a. Ou ka fèmen fenèt navigatè sa a.




6. **Valide adrès imel ou.**
    - **Ale nan bwat resepsyon imèl ou a: ouvri imèl la epi klike sou lyen "Enskri" a**.
      Yon fwa ou fin klike sou lyen an pou konplete enskripsyon ou an, ou pral konekte sou Pòtal Greeley Utility la.
      ***REMAK:*** *Tanpri konplete enskripsyon an touswit pou anpeche lyen validasyon an ekspire.*




7. **Kreye modpas ou.**
    - **Kreye epi konfime nouvo modpas ou a.**
      Adrès imel ou a ap ranpli otomatikman.
    - **Tcheke kaz la ki endike ou li epi ou dakò ak Tèm ak Kondisyon yo.**
    - **Klike sou "Enskri"**




8. **Fè yon ti vizit rapid nan pòtal la.**
   - **Aprann kijan pou:**
     - Peye bòdwo yo
     - Enstale peman otomatik
     - Gade konsomasyon dlo ou a
     - Jwenn aksè a rabè ak prim